आकाशवाणी, गोरखपुर

दिनांक–27 फरवरी 2026 **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि सरकार की ओरि से प्रक्रिया के सरल बनावे, सुगम ब्यौपार आ प्रौद्योगिकी आधारित सुसासन के बिस्तार के साथे देस रिफार्म एक्सप्रेस पर सवार हौ। आजु वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिया से ''विकसित भारत के लिये प्रौद्योगिकी, सुधार और वित्त'' बिसय पर आयोजित बजट बाद वेबिनार के सम्बोधित करत श्री मोदी ई बाति कहलें।

राष्ट्रीय बजट पॉलिसी रोड मैप होता है। इसलिए बजट की प्रभावशीलता का आकलन भी ठोस पैरामीटर पर किया जाना चाहिए। ऐसी नीतियां, जो इंफ्रास्ट्रक्चर का विस्तार करें, जो क्रेडिट के प्रवाह को आसान बनाएं, जो इज–ऑफ–डूइंग बिजनेस बढ़ाएं, जो गवर्नेंस में ट्रांसपेरेंसी बढ़ाएं, जो जनता का जीवन आसान बनाए।

प्रधानमंत्री कहलें कि सुधार के गति के बनावल रक्खे बदे नीतिगत इरादे ले सीमित न रहि के उत्सकृष्ट क्रियान्वयनो पर धियान दीहल जरूरी बा। उहां के एआई, ब्लॉक चेन आ डेटा एनालिटिक्स क पुरहर उपयोग के जरिया से पारदर्सिता, गति आ जबाबदेही बढ़वले पर जोर दिहलीं। प्रधानमंत्री कहलें कि पछिला एक दसक में सरकार अवसंरचना पर खास धियान दिहले हौ।

11 साल पहले पब्लिक ३. के लिए बजट में लगभग 2 लाख करोड रुपए का प्रावधान था। मौजूदा बजट में यह बढ़कर लगभग 12 लाख करोड रुपए के पार हो गया है। इतने बड़े पैमाने पर सरकारी निवेश होना, प्राइवेट सेक्टर के लिए भी एक स्पष्ट संदेश है।

****

शिक्षा मंत्री धर्मेंद्र प्रधान कहले हवें कि एन.सी.ई.आर.टी. के किताबि में न्यायपालिका में भ्रस्टाचार पर अध्याय सामिल कइल दुर्भाग्यपूर्ण बा आ सरकार येह मामिला के गम्भीरता से ले रहलि हौ। संवाददाता लोगिन से बातचीत में श्री प्रधान कहलें कि उहां के एनसीईआरटी के सज्जो किताबि वापिस लेवे आ रद्द कइले क निरदेस दिहले हई। येह मामिला पर खेद जतावत श्री प्रधान कहलें कि मंत्रालय, सर्वोच्च न्यायालय के आदेस क पालन करी।

जो घटना हुई है, उसको हम गंभीरता से लेते हैं। एनसीईआरटी के ऊपर उस पर उसको और इंक्वारी किया जाएगा, जो भी व्यक्ति से उस किताब को बनवाने में, उस चौप्टर को बनवाने में संलग्न हैं। उनके ऊपर कार्रवाई की जाएगी। आगे यह गलती ना हो, न्यायपालिका को आश्वस्त करते हैं। मैं मानता हूं हमारी भारत जैसे बड़े प्रजातंत्र की यही सुंदरता है। न्यायपालिका के आदर्श स्थान है, न्यायपालिका के सर्वोच्च स्थान है।

एहसे पहिले सर्वोच्च न्यायालय न्यायपालिका में भ्रस्टाचार पर अध्याय वाला कक्षा आठ क एनसीईआरटी के किताबि पर पुरहर प्रतिबंध लगा दिहले रहल।

****

इलेक्ट्रॉनिक्स आ सूचना प्रौद्यौगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव कहले हवें कि एआई के उपयोग में बिस्वसनीयता बहुते महत्वपूर्ण हौ। आजु दुपहरिया नई दिल्ली में एगो मीडिया समूह के ओरि से आयोजित राइजिंग भारत समिट के सम्बोधित करत श्री वैष्णव एआई परिवर्तन के गम्भीरता से लिहले के जरूरति पर जोर दिहलें। उहां के कहलीं कि सरकार प्रतिभागियन कै उपलब्धता सुनिस्चित कइले पर खास धियान दे रहलि हौ आ येह दिसा में राज्य सरकारनों के ढेरे कोसिस करे के होई।

****

लखनऊ में आजु आयोजित एगो बइठकी में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आउटसोर्सकरमी, संविदाकरमी आ सफाईकरमी के सथहीं सज्जो करमचारियन क तनखाहि होली से पहिले देवे बदे दिसा–निरदेस दिहले हवें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कई गो अउरियो महत्वपूर्ण जनकारी दिहलें। एगो रिपोर्ट–

मुख्यमंत्री ने कहा कि शनिवार अट्ठाइस फरवरी को कार्य दिवस घोषित किया गया है। इसके बदले सभी कर्मचारियों को तीन मार्च को अवकाश मिलेगा। इससे पहले होली पर दो और चार मार्च को अवकाश की घोषणा की गई थी। अब प्रदेश में होली के अवसर पर दो, तीन और चार मार्च को अवकाश मिलेगा। इससे पहले एक मार्च को रविवार होने की वजह से लगातार चार दिन की छुट्टी रहेगी। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।

****

मथुरा, अजोध्या आ वाराणसी के सथहीं प्रदेस के कई जिलन में आजु रंगभरी एकादशी उछाह–उमंग के साथे मनावल जा रहल बा। ब्रजमण्डल क श्रीकृष्ण जन्मभूमि मंदिर, द्वारिकाधीश मंदिर आ बांकेबिहारी मंदिर के सथहीं अउरियो प्रमुख मंदिरन में रंगभरी एकादशी पर देस–बिदेस से आवे वाला सरधालु अबीर, गुलाल आ रंग में सराबोर हो रहल हवें। अजोध्यो में आजु रंगोत्सव क सुभारम्भ हो गइल। आजु आस्था अउर उल्लास के संगम के बिच्चे हनुमानगढ़ी में हनुमानजी क पूजा–अर्चना कइ के होली उत्सव क विधिवत सुरूआति भइल। वाराणसी में रंगभरी एकादशी पर शिर्वाचनम मंच पर कार्यक्रमन के दौरान फूलन क होली खेलल जा रहल बा।

****